## ЖЫРЛАНЫЎЫ

**Есебаев Марат Матекович**
*НМПИ, Қарақалпақ әдебияты кафедрасы*
*үлкен оқытыўшысы, ф.и.б.ф.д.(PhD)*

XIX әсир шайырдың жасаған заманы социаллық экономикалық теңсизликтиң заманы болды. Ол дәўирде жәмийеттиң үстем күшлери тәрепинен атақ аброй да, ҳайт, той сыяқлы революцияға шекемги қарақалпақ турмысы ушын характерли болған мерекедеги орын да мал менен, дүнья менен белгиленеди. Шайыр заман теңсизлигине мийнеткеш халықтың көзи менен қарайды.

Шайыр өзиниң «Айырылса» деген қосығында заман теңсизлигин жырлайтуғын сулыў лирикалық қатарлар менен бирге, «Алғыр қус қор болар пәрден айрылса», деген қатарларды жазыў арқалы өз дәўириндеги сиясий турмыслық ўақыялардың реаль сүўретлеўин береди. «Жигитлер» деген қосығында:

«Ер жигит қолында малы болмаса,

Ялғаншыда өз теңинен кем болур»,- деген қатарлар арқалы «Айырылса» қосығындағы пикирин тәкирарлайды. Шайырдың және де усындай қосықларының бири «Керек» қосығында жоқарыдығы қосық қатарларындағы пикирлерин толықтырады:

Шар тәрепдин меҳман келсе күтмәгә,
Әўелҳа йигитке ҳиммәт-ҳал керәк,
Дилжәм болып үйдә тыныш ятмаға,
Көп генә бийҳисап дүнья-мал керек [Әжинияз 1.94.б.].

Бул жағдай шайырды терең ойға салды, бул мәселени тек гүресиў жолы менен шешиў кереклигин түсинди. Соның ушын шайыр усы жағдайларды өзиниң шығармаларында ашып берип, халықтың бул ҳәрекетлерге саналы қатнас жасаўға шақырды. Мысылы, шайырдың «Керекти» қосығында былай келтиреди.

Бенделер ҳәсиретте, қайғыў-ғәплетте,
Бир теңлик деп бирнешелер үмитте,
Қудайым қалдырма қайғы-ҳәсиретте,
Бир басқа бир саўда болса керекти [Әжинияз 2.104.б.], - деп жырлайды шайыр.

Көрип урғанымыздай бир басқа бир өлим дегендей, бул жағдай шайыр жасаған дәўирдиң тарийхый шынлығына туўра келеди. Бул қосық қатарларында

халықтың аўыр турмысы, ҳуқықсызлықлары, азапланыўлары, усыларға қарамастан халық жүрегиндеги заман азаплары сындыра алмаған исеним, келешектен жақсылық күтиў талаплары жүдә шеберлик пенен ашып берилген.

Өз халқының турмысы менен жақыннан таныс болған шайырдың ел ҳәм халыққа деген сүйиспеншилик сезими оның қосықларынан үлкен орын алды. Әжинияздың патриотизм идеясы ең алды менен «Еллерим барды», қосығында жүдә жақсы берилген. Бул қосық шайырдың қазақ халқы арасында жүрген ўақтында жазылған қосығы. Қосықтың тийкарғы идеясы өз елиниң тәбиятын ҳәм жақсы дәстүрин мақтаныш етиўден ибарат. Бул қосықта шайырдың туўып өскен халқының тәбиятына шексиз сүйиспеншилиги байқалады. Мысалы:

Сорасаң елимди Қожбан бизлерден,
Қалпағы қазандай еллерим барды.
Қәте шықса, кешириңлер сөзлерден,
Қытай, Қоңырат атлы еллерим барды.

***

Табылады излегениң кереги,
Көлинде бар қасқалдығы, үйреги,
Қуўлары, ғазының пүтин бүйреги,
Дүньяның аңлары көлимде барды, - деп жырлайды шайыр. [Әжинияз 3.35.б.]

Әжинияз дөретиўшилигиниң тийкарын қурайтуғын темаларының бири Ўатан сағынышы, инсан қәдири, болып табылады. Баекеш Қәлимбетовтың илимий мийнетинде: «Әжинияз туўған жеринен айырылып Арал теңизиниң аржағындағы қазақ ағайинлериниң арасында болып, оннан ары Оренбург, Татарстан, Башқуртстан ҳәм рус жерлеринде аралап жүреди» [Қәлимбетов Б. 4.20.б.], - деп келтирип өтеди. Бул келтирилген мағлыўматлар шайырдың қосықларында бериледи. Соның ушын Әжинияз бул еллерди аралып олардың турмыс тәризи, тиришилиги, үрп-әдетлери, дослығы ҳаққында да көп жырлаған. Шайырдың елинен айра түсиўи оның «Айырлса» қосығында бериледи. Бул қосық дидактикалық поэзияның ең жақсы үлгиси болып, шайырдың турмыс ҳәдийселерине болған көз карасларын көрсетиўде шешиўши орынды тутады. Қосықтағы ең лирикалық қатарлар арқалы Әжинияз өзиниң философиялық пикирлерин билдирген сықлы болып көзге түседи.

Шайыр ҳәр бир адамның Ўатан менен, туўған ел менен ғана қәдирли екенлигин түсиндиреди:

Ғош жигиттиң дәўлети бар басында,
Ҳәр ким өз елинде теңи тушында,
Ҳәм ағасы ҳәм иниси қашында,
Йигит қәдирли болмаса елден айрылса.

*(«Болмаса»)*

Философия филология менен оғада байланыслы илим. Соның ушын да шығыс еллеринде көп ғана шайырлар өзлерин философ деп атағаны менен де философиялық лирикалар жазып бул илимге үлкен үлес қосқанлығы мәлим.

Әжинияз поэзиясының гейпара қосықларын сол тийкарда баҳалаўға болады. Әжинияз «адамзатты бул дүньяның көрки»,-деп биледи.

Бул дүньяның көрки-адам баласы,
Сол адамның көкке жетер наласы.

*(«Айрылса»)*

Адамлар арасында жолдаслық, дослық ең күшли қәсейт болып, олардың Ўатан, ел әтирапына биригиўин қәлейди. Бул пикирин оның «Көңлим мениң» қосығында оғада тәсирли баянлаған. Мысалы:

Ашық-ярсыз, бүлбил-гүлсиз,
Зийўар айтар, йуртсыз-елсиз,
Кийик-шөлсиз, сона-көлсиз
Адам бир дийўана мегзер.

*( «Көңлим мениң»)*

Бундай пикирлерди айтыўына оның жеккеленип қалғанлығы себепши болған. Шайыр өз халқы менен бирликте Бозатаўдағы қайғылы ўақыяны кеширгени ушын да, душпанға бенде болып қалған өз халқын, елсиз қалған ўатан ядына түсип, шайыр усындай пикирге келеди. Әсиресе, бул пикир «Дәўран болмады» қосығында оғада ашық айтылады. Мысалы:

Менде ўатан болды елатсыз қалған,
Бағларынан бүлбил ушып ғаз қонған,
Зийўар дер дүньяға келгеним ялған,
Менде бир бийқайғы, заман болмады.

*(«Дәўран болмады»)*

Философиялық лирика көбинисе ҳикметли сөзлер арқалы да бериледи, себеби ҳикметли сөз дегенниң өзи де философия. Соның ушын да афоризм тийкарында қосық жазған шайыр, философиялық мәнидеги қосық жазған шайыр спатында қаралады.

Фердаўсий, Низамий, Наўайы, Мақтумқулының хәр бир қосық қатарлары ҳикметлиги менен де ажыралып турады. Әжинияз олар менен бир қатар қарап болмаса да олардың әсиресе Мақтумқулыдан әдеўир тәсирленип өзиниң пикир дүньясын кеңейткенлиги байқалады. Мысалы:

Елинен айырылған дийўана болур,
Ярынан айырылған бийгана болур,
Ҳәрредер ушубан пәрўана болур,
Уясы бузылып, палдан айрылса.

*(«Айрылса»)*

Ақылы яқшының гийнеси болмас,
Яман адам гийне тутса умытпас,
Атқа миген билән қәтқуда болмас,
Йурттан асқан ақыл-ҳуўшы болмаса.

*(«Болмаса»)*

Әжинияз адамларды «жақсы» ҳәм «жаман» спатында еки топарға бөледи. Жақсылар көп жағдайда өзин билим менен толықтырып барады, соның ушын да ол билимди жақсы адамларды қәлиплестириўши дерек спатында қарайды.

Жуўмақлап айтқанда Әжинияз, сол адам қәдир қымбаты ҳаққындағы түсиникти жоқары ҳүрметлеп, оны философиялық туйғы дәрежесине жеткерип, адамзаттың ең жоқарғы пазийлети ретинде тәрийплеп, елдиң әдеп-икрамлығының қәлиплесиўине ҳәм инсаннаң  жәмийттеги орнын баҳалаў жағынан да айрықша орынды ийелейди.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**


1. Әжинияз. Таңламалы шығармалары. Нөкис. «Қарақалпақстан» 1988.
2. Әжинияз. Таңламалы шығармалары. Нөкис. «Қарақалпақстан» 1988.
3. Әжинияз. Таңламалы шығармалары. Нөкис. «Қарақалпақстан» 1988.
4. Қәлимбетов Б. Әжиниyяздың лирикасы  Нөкис. «Қарақалпақстан» 1981.
5. Әжинияз. Таңламалы шығармалары. Нөкис. «Қарақалпақстан» 1988.
6. Әжинияз. Таңламалы шығармалары. Нөкис. НМПИ баспаханасы,2014.